



Haitian Creole Edition
Grade 7 Mathematics, Book 1
March 13–17, 2006

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Matematik
Liv 1

Ane **7**

13–17 Mas 2006



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2006 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou fè tout sa ou kapab:

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

Egzanp A

Ki pi gran faktè komen pou 12, 18 ak 24?

- A 2
- B 3
- C 6
- D 12

Egzanp B

Ki ekspresyon ki reprezante kat plis twa fwa yon nonb?

- F $7x$
- G $12x$
- H $4x + 3$
- J $3x + 4$

1

Emily touche \$25 pou gadri vandredi. Nan samdi, li gadri pou 4 èdtan a yon tarif \$5 pa èdtan. Nan dimanch, li ale nan magazen epi li depanse \$18 sou yon CD. Konbyen lajan Emily rete apre acha CD a?

- A \$7
- B \$12
- C \$23
- D \$27

2

Ki fòm chak baz yon silend?

- F sèk
- G rektang
- H triyang
- J kare

3

Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$2(2^3 - 2^2)$$

- A 0
- B 4
- C 8
- D 16

Kontinye

4 Ki pi piti miltip komen 3, 6 ak 27?

F 3

G 18

H 27

J 54

5 Lavonda aprann monte monosik. Li fè pratik monte monosik la pandan 25 minit lendi, 10 minit madi, 22 minit mèkredi, 31 minit jedi ak 13 minit vandredi. Ki **etandi** pou done yo?

A 5 minit

B 12 minit

C 21 minit

D 31 minit

6 José plen akwaryòm li an dlo. Akwaryòm nan kenbe 250 lit dlo. Konbyen mililit akwaryòm nan kenbe?

1 lit = 1.000 mililit

F 25


G 2.500

H 25.000

J 250.000

7

Graf lineyè ki anba a montre kouman pye tomat Terrell la grandi pandan 10 jou.



Ki wotè pye tomat la nan 7^{yèm} jou a?

- A 3 santimèt
- B 12,5 santimèt
- C 17,5 santimèt
- D 20 santimèt

Kontinye

8

Cindy genyen kat plis senk fwa kantite kouzen pase Kathy, k . Ki ekspresyon ki reprezante kantite kouzen Cindy konpare avèk Kathy?

F $4k + 5$

G $5k - 4$

H $5k + 4$

J $5k(k + 4)$

9

Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$4 + 2^3 - |-4|$$

A 6

B 8

C 14

D 16

10

Ki pi gran faktè komen 28, 42 ak 56?

F 2

G 7

H 14

J 28

11

Anna se yon pent. Li reklame \$130 pou materyèl penti ak \$25 pou chak èdtan, h , li travay. Ki ekspresyon ki reprezante kantite lajan total Anna reklame?

- A $(130 + 25)h$
- B $130 + 25h$
- C $130h + 25$
- D $130 + (25 + h)$

12

Heather kanpe nan liy dejene nan lekòl la. Pou repa li, li ka chwazi espageti oswa pitza. Li ka pran tou ji pòm, ji zoranj oswa lèt. Konbyen konbinezon diferan Heather ka chwazi pou yon repa oswa yon bwason?

- F 2
- G 3
- H 5
- J 6

13

Distans mwayèn ant Pluto ak Solèy la se $3,65 \times 10^9$ mil. Ki nonb sa a sou fòm estanda a?

- A 365.000.000
- B 3.650.000.000
- C 36.500.000.000
- D 365.000.000.000

Kontinye

14 Ki ekspresyon aljebrik ki reprezante “sis mwens mwatye yon nonb”?

F $\frac{1}{2}x - 6$

G $6 - \frac{1}{2}x$

H $\frac{1}{2}(x - 6)$

J $(6 - \frac{1}{2})x$

15 Extreme View Helicopter Tours vole 34 fwa vandredi. Nan samdi, yo vole menm kantite fwa yo te fè dimanch. Kantite total fwa yo vole pou twa jou yo se te 118. Konbyen fwa Extreme View Helicopter Tours vole samdi?

A 34

B 42

C 59

D 84

16 Jennifer ap fè ponch fwi pou fanmi li. Li prepare yon total de galon ponch fwi. Konbyen tas ponch fwi li fè?

1 galon = 4 ka
1 ka = 2 pent
1 pent = 2 tas

F 8


G 12

H 16

J 32

17

Tant Richard se yon prism triyangilè, jan yo montre sa anba a.



Ki konbinezon figi ki fòmè baz ak fasad tant Richard a?

- A 2 triyang, 2 rektang
- B 2 triyang, 3 rektang
- C 3 triyang, 2 rektang
- D 3 triyang, 3 rektang


18

Nan ane 2000, yo te itilize apeprè 169.000.000 òdinatè pèsònèl nan United States. Ki nonb sa a an notasyon syantifik?

- F $1,69 \times 10^{-8}$
- G $16,9 \times 10^{-7}$
- H $16,9 \times 10^7$
- J $1,69 \times 10^8$

Kontinye

- 19** Sikonferans sèk ki anba a se 25.12 santimèt.



[pa trase selon echèl la]

$$C = 2\pi r$$

Ki pi bon estimasyon pou longè reyon sèk la?

- A 3 santimèt
- B 4 santimèt
- C 8 santimèt
- D 16 santimèt

- 20** Ki inite mezi ki reprezante yon inite metrik pou mas?





- F santimèt
- G mè
- H kilomèt
- J gram

Tablo ki anba a prezante tanperati ki ba yo obsève an degre Farenhayt ($^{\circ}\text{F}$), nan Nonyòk chak mwa pandan kat mwa.

TANPERATI BA

Mwa	Tanperati ($^{\circ}\text{F}$)
Janvye	10
Fevriye	-16
Mas	24
Avril	38

Ki graf lineyè ki prezante done yo kòrèkteman?



Kontinye

22 Ant ki de nonb antye $\sqrt{89}$ ye?

- F** 7 ak 8
- G** 8 ak 9
- H** 9 ak 10
- J** 10 ak 11

23 Marcus achte twa kanè pou lekòl. Chak kanè genyen menm pri. Marcus itilize yon kupon ki vo \$2 sou acha total li. Li peye yon total \$7 avèk kupon an. Ki ekwasyon ki ka itilize pou jwenn pri yon kanè, n ?

- A** $3n - 2 = 7$
- B** $3n + 2 = 7$
- C** $3(n - 2) = 7$
- D** $3(n + 2) = 7$

24 Ellen achte 24 ons pwa vèt nan boutik la. Pwa vèt la koute \$1,90 pa liv. Konbyen li peye pou pwa vèt la, anvan taks?

$1 \text{ liv} = 16 \text{ ons}$

- F** \$1,90
- G** \$2,53
- H** \$2,85
- J** \$3,80

25

Keisha gen yon pyès 1 santim, yon pyès 5 santim ak yon pyès 10 santim nan pòch li. Li pran yon pyès nan pòch li owaza. San li pa remete li nan pòch li, li pran yon lòt pyès. Si Keisha fè yon lis tout rezilta posib pou chwa de pyès alafwa, konbyen rezilta ki genyen?

- A 2
- B 3
- C 4
- D 6

26

Tablo ki anba a montre prezans nan yon patinwa pandan kat premye mwa ane sa a.

PREZANS NAN PATINWA


Mwa	Kantite Moun
Janvye	1.450
Fevriye	1.502
Mas	1.631
Avril	1.688
Me	?

Selon done ki nan tablo a, ki **pi bon** prediksyon pou anpil moun ki patinen nan patinwa a an me?





- F 1.400
- G 1.600
- H 1.800
- J 2.000

Kontinye

27 Yo montre yon piramid rektangilè anba a.



Ki konbinezon figi ki fòmè baz ak fasad piramid rektangilè a?



28 Ming ekri kat nonb anba a an notasyon syantifik.

$5,5 \times 10^5$ $1,2 \times 10^3$ $2,8 \times 10^6$ $7,4 \times 10^2$

Ki nonb ki genyen pi gwo valè?

F $5,5 \times 10^5$

G $1,2 \times 10^3$

H $2,8 \times 10^6$

J $7,4 \times 10^2$

29

Yon sèk genyen yon sikonferans ki mezire 18π pous. Ki reyon sèk la an pous?

$$C = 2\pi r$$

- A 6
- B 9
- C 18
- D 36

30

Karen fè yon sondaj sou elèv ki nan lekòl entèmedyè konsènan jazz ak rock prefere yo. Sou 1.156 elèv ki nan lekòl entèmedyè, li te kesyone 65 elèv sizyèm ane. Plis pase mwatye 65 elèv yo fè konnen jazz and rock prefere yo se Rhonda ak Gees. Selon sondaj la, Karen deklare jazz and rock prefere pifò elèv lekòl entèmedyè yo se Rhonda ak Gees. Pou kisa deklarasyon Karen nan pa kòrèk?

- F Karen te kesyon twòp elèv.
- G Echantiyon sondaj Karen nan te twò piti.
- H Karen pa t fè sondaj la sou okenn elèv lekòl segondè.
- J Karen pa t mete ase jazz and rock nan sondaj la.

RETE LA



Ane 7
Matematik
Liv 1

Grade 7
Mathematics
Book 1